



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA NAN VILJ WESTBURY

Westbury fini tout sis pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil li yo

Pwojè DRI ki fini yo apkreye yon kominote ki akse sou transpò pou estimile lojman, ti biznis, aksè pou pyeton, espas piblik ak enstalasyon kiltirèl

Gade foto avan ak apre pwojè DRI Westbury yo [isit la](#)

Gouvènè a anonse tou nouvo direktiv ki pèmèt Fon Envestisman Long Island lan ki se 350 milyon dola pou sipòte pwojè rezidansyèl transfòmatif yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) final Westbury a nan yon seremoni koupe riban pou vas Amelyorasyon Peyizaj yo sou koridò Post Avenue an. Avèk finisman pwojè sa a, Westbury te konplete tout sis pwojè li yo ki te finanse nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a ki gen anpil siksè a. Westbury DRI vin tounen yon modèl ki genyen prim pou Devlopman ki akse sou Transpò nan Eta a, yon konsèp kle nan efò Gouvènè Hochul ap fè pou elaji opòtinite lojman toupre estasyon transpò piblik yo.

"Reyalizasyon Westbury yo montre enpak transfòmasyon yon prim DRI bay kominote New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "DRI Westbury a se yon konbinezon envestisman pwojè ki pral jenere plizyè benefis pou kominote a ak pi gwo envestisman pou jenerasyon k ap vini yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye. Istwa siksè Westbury a kapab sèvi kòm yon modèl pou lòt kominote nan Long Island ak atravè Eta a."

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Vilaj Westbury a montre egzakteman sa Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la vize pou l reyalize —yon konbinezon pwojè ak envestisman ki deja menen nouvo rezidan ak vizitè nan anba lavil la epi ki anplifye enèji nan kominote a. Felisitasyon pou Vilaj la, Komite Planifikasyon Lokal DRI a ak rezidan yo pou gwo reyalizasyon sa a, epi mwen pa ka tann pou mwen wè Westbury benefisye siksè pwojè sa yo pou jenerasyon k ap vini yo."

DRI te bay plis pase 5.5 milyon dola pou pyeton, amelyorasyon espas piblik ak ekleraj sou koridò Post Avenue an. Pwojè sa a te mete ann aplikasyon yon seri amelyorasyon nan lari yo sou Post Avenue soti nan Northern State Parkway rive nan Old Country Road, tankou ajoute nouvo pye bwa, ban ak sipò pou bisiklèt; amelyore ekleraj pou pase nan LED; epi agrandi kèk twotwa nan entèseksyon ak nan kèk lari segondè seleksyone yo.

Westbury te resevwa yon prim DRI 10 milyon dolanan premye faz DRI a an 2016. Plan Envestisman Estratejik Vilaj la te konsantre sou kreye "yon kominote pou tout sezon, selebre divèsite li, tolerans ak enklizyon li." Objektif kle yo enkli "kreyasyon yon sant vil ki sipòte yon itilizasyon miks dinamik ki toupre Estasyon LIRR la, ogmante aktivite pyeton an anba lavil ak amelyore pwofil kiltirèl kominote atistik yo."

Kòm yon pati nan DRI a, Westbury te konplete yon total sis pwojè revitalizasyon:

- **Redivize zòn Anba Lavil la - Prim DRI 970,000 dola:** Vilaj la redivize zòn 21 ekta tè pwopriyete delabre adjasan ak estasyon LIRR li a pou ankouraje devlopman ki akse sou transpò, pèmèt yon itilizasyon rezidansyèl ak komèsyal miks epi ankouraje ogmantasyon dansite toupre Estasyon LIRR la. Redivize zòn lan te fini an 2019.
- **Kreye yon Plas pou pyeton ak amelyorasyon entèseksyon nan Post Avenue ak Union Avenue - Prim DRI 785,000 dola:** Pwojè sa a te amelyore koneksyon pyeton ant Estasyon LIRR la ak koridò Komèsyal Post Avenue an epi li te kreye yon nouvo plas pou pyeton nan yon entèseksyon Vilaj kle ant Post Avenue ak Union Avenue.
- **Amelyorasyon Peyizaj nan koridò Post Avenue an - Prim DRI 5,560,000 dola:** Pwojè elaji sa a te aplike yon seri amelyorasyon nan lari yo sou Post Avenue soti nan Northern State Parkway rive nan Old Country Road, founi nouvo pye bwa, ban ak sipò pou bisiklèt; amelyore ekleraj pou pase nan LED; epi agrandi kèk twotwa nan entèseksyon ak nan kèk lari segondè seleksyone yo.
- **Amelyorasyon Espas Kominotè & Rekreyasyon - Prim DRI 430,000 dola:** Vilaj la te modènize twa enstalasyon ki fòme konplèks Sant Rekreatif ak Kominotè Westbury (Westbury Recreation and Community Center) a. Travay enkli: rekonfigirasyon pakin nan pou ogmante kapasite; renovasyon etaj sal jimnastik la; ajoute ekleraj LED, yon nouvo chodyè ak nouvo pòt ADA; penti eksteryè; ak travay sou twati a.
- **Sekirize yon espas pèmanan pou Konsèy Atistik Westbury (Westbury Arts Council) - Prim DRI 1,355,000 dola:** Vilaj la te itilize fon DRI pou renove yon bilding yo fèk genyen pou Konsèy Atistik la pou fasilite anpil pwogram, ekspozisyon piblik, konferans, kou atistik, reyinyon ak lòt evènman pa yo.
- **Fon pou amelyorasyon Kapital pou Biznis ki Vann an Detay - Prim DRI 600,000 dola:** Lajan DRI a te pèmèt kontinite *Pwogram Ankourajman pou Biznis ki Vann an Detay (Retail Incentive Program)* Vilaj la ki gen anpil siksè ak *Pwogram Amelyorasyon Fasad (Façade Improvement Program)* li a epi yo te bay sibvansyon dirèkteman bay biznis ki vann an detay yo sible pou amelyorasyon kapital yo. Lajan yo te itilize pou amelyore 10 bilding komèsyal ak 3 bilding piblik.

Finisman pwojè DRI Westbury yo vini apeprè yon ane apre finisman youn nan pwojè enfrastrikti transpò ki pi enpòtan nan rejyon an—ki se Pwojè Ekspansyon Twazyèm Vwa LIRR Eta a soti nan Floral Park rive nan Hicksville, ki te gen ladan tou amelyorasyon sibstansyèl nan Estasyon Westbury LIRR la, ekipman pou pyeton yo ak nouvo garaj pakin li yo.

DRI a te finanse rezonaj Devlopman ki Akse sou Transpò (Transit-Oriented Development, TOD) inovan Westbury a nan 21 ekta tè pwopriyete ki te delabre ki adjasan ak estasyon LIRR la. Nouvo zonaj TOD a deja ankouraje nouvo lojman ak biznis ki vann an detay ki adjasan ak estasyon LIRR la, tankou "The Cornerstone Westbury", ki ap pote 130 inite lokasyon nan anba lavil Westbury a, 18 ladan yo pral inite abòdab. Plizyè lòt devlopman TOD yo nan premye faz planifikasyon yo, tankou sit TOD MTA a sou teren li a sou bò sid ray yo. Nan mesaj Eta Leta Gouvènè Hochul la, yo te site TOD kòm yon opòtinite pou adrese kriz lojman eta a ak elaji opòtinite lojman toupre estasyon transpò piblik yo.

Gouvènè Hochul te anonse tou ke Empire State Development (ESD) te elaji Fon Envestisman Long Island (Long Island Investment Fund, LIIF) lan pou sipòte devlopman lojman transfòmatif ki ranfòse kwasans ekonomik ak revitalizasyon kominotè atravè rejyon an. Dapre direktiv amande yo, Fon an pral bay finansman preferansyèl pou pwojè ki re-devlope sit komèsyal ki vid yo, retire delabreman yo, ki toupre transpò piblik oswa anba lavil la, oswa ki gen espas pou itilizasyon mik. Agrandisman direktiv LIIF yo vize abòde mank lojman Long Island pandan y ap kreye devlopman transfòmasyon ki mennen kwasans ekonomik kontinyèl atravè Long Island. Ou kapab jwenn direktiv LIIF ki ajou a [isit la](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Vilaj Westbury kanpe kòm yon egzanp briyan pouvwa transfòmatif lespri kominotè ak planifikasyon vizyonè, jan yo demontre nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Avèk fini pwojè DRI li yo, Westbury te re-dinamize sant vil li a an yon sant k ap pwospere kote atizay, kilti, ak komès ap fleri. Direktiv Fon Envestisman Long Island ki fèk elaji yo pral sipòte devlopman transfòmasyon ki similè atravè rejyon an nan priyore pwojè ki kreye lojman, ankouraje kwasans ekonomik, ak revitalize kominote yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Gras ak travay konplè ki te konplete atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Westbury se yon bèl egzanp sou fason nou ka pran yon envestisman 10 milyon dola Eta a epi transfòme yon sant vil an yon kominote ki pi favorab pou pyeton, ki pi vibran sou plan kiltirèl epi ki akse sou transpò piblik. Felisasyon ak tout moun ki te patisipe nan planifikasyon ak ekzekisyon inisyativ sa a — travay ou pral san dout benefisyè anpil jenerasyon rezidan, biznis ak vizitè Westbury yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Sipòte kominote ki pi pwòp, ki pi dirab esansyèl pandan n ap konbat chanjman klimatik, epi NYSERDA fyè dèske li te bay sipò teknik ak konsèy sou sis pwojè revitalizasyon Westbury yo. Envestisman sa yo ap ede kreye yon sant vil ki pi an sante, ki pi fasil pou mache ki gen ladann aksè elaji ak lojman abòdab ak espas piblik ki efikas an enèji ki pral benefisye jenerasyon rezidan Westbury aktyèl yo ak jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Revitalizasyon anba lavil Westbury a lye ak pwojè Twazyèm Vwa MTA a, ki te pèmèt LIRR ogmante sèvis pou Westbury pa 29 tren adisyonèl chak jou, rebati estasyon Westbury a, epi ranplase pon Post Avenue an pou elimine kolizyon kamyon ki twò wo yo. Lè nou investi nan transpò piblik, nou investi nan revitalizasyon anba lavil la, fè kominote ki favorab pou pyeton tankou Westbury vin yon kote ki pi atiran pou viv, fè biznis, ak vizite."

Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Westbury ki fini an montre pouvwa transfòmasyon pwogrè ki baze sou kominote a, k ap trase wout la pou pwosperite ekonomik enklizif. Atravè investisman DRI estratejik nan enfrastruktir, resous, ak kwasans kominotè, n ap ranfòse ekonomi lokal nou an depi nan baz epi kreye bon travay lokal ki pral leve epi benefisye jenerasyon k ap vini yo."

Ko-prezidan LIREDC a, ki se Linda Armyn, Prezidan & ak Direktris Egzekitif Jeneral nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare, "Atravè planifikasyon reflechi ak kolaborasyon devwe, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Westbury a te bay nesans ak yon sant vil k ap pwospere ki ranfòse biznis lokal yo, ki anime zèv atistik, epi ki ankouraje yon santiman akeyan pou rezidan yo ak vizitè yo. Avèk espas piblik elaji, lari ki favorab pou pyeton yo, ak yon sèn atistik ak kiltirèl k ap felri, nou te kreye yon sant dinamik ki akeyi tout moun."

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Mwen kontan wè pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la nan Vilaj Westbury vin vivifye ak yon gwo fòs konsa. Finisman pwojè transfòmasyon sa yo montre grandè yo ka reyalize pou kominote nou yo atravè vizyon pataje ak kolaborasyon ant tout nivo gouvènman an. Westbury ap trase wout la pou yon avni pi briyan ak sant kominotè modèn, enstalasyon rekreyasyon modènize ak yon zòn biznis anba lavil amelyore. Sa a se jis kòmansman an - epi mwen eksite pou sa k ap vini yo."

Manm Asanble Charles D. Lavine, te deklare, "Sa ban m yon gwo fyète pou m wè pwogrè remakab ki reyalize nan anba lavil Westbury a. Pwojè yo fini kounye a ki finance pa yon sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) Eta New York, te lakòz chanjman transfòmatif nan enfrastruktir ak enstalasyon epi fè Westbury vin yon destinasyon atiran ke nou tout ka fyè de li."

Lejislatè Konte Nassau a, Siela A. Bynoe, te deklare, "Siksè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Vilaj Westbury a se yon plan pou ankouraje kalite devlopman ki akse sou transpò ak itilizasyon mikski pral ede abòde defisi lojman ki pèsistan nan rejyon nou an epi kreye nouvo opòtinite pou jèn pwofesyonèl yo ansanm ak granmoun aje yo pou yo pwospere. Antanke yon rezidan Westbury depi prèske dire tout lavi mwen, li trè gratifyan pou nou wè ki jan travay kolektif anpil moun ki gen enterè konsène ki devwe ap pote fwi kounye a."

Sipèvizè Vil North Hempstead lan, Jennifer DeSena, te deklare, "Jodi a se yon okazyon istorik pou anba lavil Westbury! Finisman avèk siksè pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa yo se yon temwayaj sou pouvwa vizyon kominote a ak efò kolaborasyon an. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman w pou fòme yon avni vibran pou anba lavil Westbury a."

Manm Konsèy Vil North Hempstead la, Robert J. Troiano, te deklare, "Westbury kounye a kanpe solid kòm yon temwayaj potansyèl devlopman ki akse sou transpò piblik ak yon kwasans entelijan. Reyalizasyon sa a reflekte devouman kolektif kominote nou an, epi mwen eksprime rekonesans sensè mwen anvè Gouvènè Hochul, Empire State Development Corporation, ak Depatman Deta pou sipò inestimab yo nan bay finansman ekstrawòdinè sa a. Ansanm, n ap fòme yon avni dinamik pou Westbury ki etabli estanda pou devlopman iben responsab ak vizyonè."

Majistra Vilaj Westbury a, Peter Cavallaro, te deklare, "Jodi a make finisman sinifikatif pakou Pwojè DRI nou an. Yo te konsevwa chak nan sèt pwojè ke yo finanse yo gras ak angajman piblik ak plizyè santèn rezidan ak moun ki gen enterè yo, epi yo chak se vrèman transfòmatif pou kominote nou an. Objektif nou, depi nan konmansman an, se te sèvi ak lajan sa yo avèk sajès pou pote efò redevlopman nou yo nan yon pwochen nivo epi fè Westbury vin yon modèl pou lòt kominote k ap chèche redevlope sant vil yo. Mwen panse ke nou te kapab reyalize sa pandan y ap fè kominote nou an pi byen ak plis dirab pou lavni. Mwen vle remèsye biwo Gouvènè a, ansanm ak biwo Sekretè Deta ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR), ki te patnè fòmèl avèk nou nan reyalizasyon plan nou yo ak nan maksimize benefis pwogram DRI a yo te menen nan Westbury."

Ko-Prezidan Komite Planifikasyon Lokal DRI a, Dave Kapell, te deklare, "Mwen felisite Majistra Cavallaro ak Konsèy Administrasyon Vilaj la pou vizyon, detèminasyon ak lidèchip yo nan pwofite sibvansyon Revitalizasyon Anba Lavil la pou sipòte devlopman enpòtan ki akse sou transpò piblik, 2.6 milya dola pwojè TwazyèmVwa LIRR la, amelyorasyon peyizaj, ak atizay kiltirèl pou transfòme Westbury an yon destinasyon ke divès moun ap chèche. Westbury sèvi kòm yon modèl pou revitalizasyon anba lavil ki gen siksè nan Long Island."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Long Island (Long Island Association, LIA) lan, Matt Cohen, te deklare, "Elaji baz taks la ak kreye plis opòtinite lojman pral estimile kwasans ekonomik ak ranfòse konpetitivite pou anplwayè yo anboche nan Long Island. LIA remèsye Gouvènè Hochul paske li fè pwodiksyon lojman,

sitou opsyon ki pi abòdab, vin yon priyorite ak prim Fon Envestisman Long Island lan ki enspire nouvo devlopman nan kominote tankou Westbury, ki pral ede tou abòde kriz abòdabilite rejyon nou an."

PDG Long Island Builders Institute la Mike Florio, te deklare, "Nou bat bravo pou efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou abòde kriz lojman nan Long Island. Enjeksyon plizyè santèn milyon dola ankourajman ki soti nan Fon Envestisman Long Island lan pou adrese pwojè lojman transfòmatif yo se kalite kout pous Long Island bezwen an. Ankourajman sa yo pral ede nou re-imaginer ki jan ak ki kote nou devlope nouvo estòk lojman pou jèn yo ak granmoun aje ki vle rete isit la, pandan y ap ranfòse devlopman ekonomik ak kwasans travay pou rejyon an."

Direktè Egzekitif Asosyasyon pou yon Pibon Island Long (Association for a Better Long Island, ABLI) Kyle Strober, te deklare, "Inisyativ Gouvènè Hochul la ki pral debloke de santèn milyon dola nan finansman gen mwayen pou kreye pwojè lojman transfòmatif ki se yon sityasyon gayan gayan pou Long Island. Li pral ede ankouraje pwojè lojman ki nesese yon fason dezespere, atravè ankourajman, ki pral ofri kay pou jèn moun epi ki pral pèmèt granmoun aje nou yo vin vyeyi an plas. Inisyativ la pral ede biznis Main Street yo ak nouvo kliyan epi li pral ede kenbe yon mendèv jèn ak vibwan ki esansyèl pou atire ak kenbe pi gwo konpayi yo. Anfen, li gen potansyèl pou adrese bezwen enfrastruktir kle ki te anpeche kwasans ekonomik rejyon nou an. ABLI felisite Gouvènè Hochul pou nouvo efò sa a pou abòde kriz lojman rejyon nou an."

Prezidan Distri Amelyorasyon Biznis Westbury ak Prezidan Chanm Komès Westbury-Carle Placela, Peter D Carbone, te deklare, "Pwogram tankou DRI ak Peyizaj kreye yon efè anchènman ki amelyore Vilaj la, biznis yo, ak anviwònman pa yo. Nou tèlman fyèt de Vilaj Westbury a, epi mwenn pa katann kwasans k ap vini an akòz pwogram tankou sa a."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI ke Depatman Deta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) dirije, reprezante yon estrateji san parèy epi inovan "planifye-answit-aji" ki asosye planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ki abouti sou anba lavil ki konpak, ki adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou pou reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive yo.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola, investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)